MAJELIS TABLIGH PDM BANTUL

Naskah KHUTBAH JUM'AT

Muhammadiyah Bantul



DONASI DAKWAH
Bank Muamalat
53200 16730
a.n Majelis Tabligh PDM Bantul
Konfirmasi : 0813-2800-4928

QRIS QR Code Standar Pembayaran Nasional
GPN
SCAN UNTUK BERINFAQ

KHUTBAH JUM'AT

Majelis Tabligh PDM Bantul

Edisi : 169/MT PDM Bantul/2026

6 November 2026 M /26 Jumadil Ula 1448 H

Media Sosial: Dados Ladang Pahala Menapa Sumber Dosa?

Khutbah Sepisan

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي هَدَانَا لِهَذَا وَمَا كُنَّا لِنَهْتَدِيَ لَوْلَا أَنْ هَدَانَا اللَّهُ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.

أَمَّا بَعْدُ، فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، أُوصِيكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ.

Jamaah Jumat ingkang dipun rahmati Allah,

Taqwa minangka sangu kawula marak sowan wonten ngarsanipun Allah ﷻ, sangu ingkang samangke dados hujjah, ing ngarsanipun pengeran, bilih panggesangan ing ngalam donya sampun dipun ginak-aken kanthi sak sae saenipun. Pramila saking menika, mangga nyawiji antawisipun niat saha tekad, kangge nggayuh predikat minangka kawulanipun gusti Allah ingkang muttaqin, ingkang tansah nindakaken dhawuh dhawuh saha nilar perkawis perkawis ingkang dipun awisi.

Jamaah Jumat ingkang dipun rahmati Allah,

Ing wekdal sak menika, kula lan penjenengan sedaya gesang ing madyaning zaman digital ingkang ngedhap-edhapi. Gawai ingkang ka-asta, saged dados kori tumuju dunia tanpa batas ingkang dipun sebat **media sosial**. Platform kadosto WhatsApp, TikTok, Instagram, ngantos X (Twitter), sampun dados kabetahan ingkang mboten saged dipun tilar malih.

Pramila kula lan penjenengan sedaya kedah ngatos atos, menapa media sosial ingkang kula

lan penjenengan ginak-aken menika, saged dados wasilah tuwuhipun **ladang ganjaran** ingkang damel mlebet suwarga, menapa malah dados undering lampah **dosa** ingkang damel dawah ing jurangipun neraka?

Jamaah Jumat ingkang dipun rahmati Allah,

Media sosial estunipun saweneh saking wasilah. Media sosial saged dados sumber ganjaran ingkang tansah tuwuh ngrembaka, menawi dipun ginak-aken kagem kesaenan. Perkawis perkawis ingkang saged nuwuhaken ganjaran lumantar media sosial antawisipun inggih menika;

Sepisan, Nyebaraken potongan video ceramah utawi kutipan nasihat ulama ingkang ndadosaken tiyang sanes termotivasi, lajeng purun taubat saking dosa, saha ajeg nindakaken amal kesanenan.

Kaping kalih, Damel konten edukasi ngengingi tata cara ibadah ingkang leres, tips supados gampil maos saha ngapalaken alquran, utawi maneka warni informasi ingkang paring manfaat kagem sesami.

Kaping tiga, Ngempalaken donasi digital miyos status utawi unggahan kula lan penjenengan, kamgem mbiyantu korban bencana, pembangunan masjid, santunan dhuafa, utawi kagem pengobatan tiyang ingkang nembe nandang gerah.

Pramila saben saben tiyang ingkang pikantuk hidayah utawi kabantu awit unggahan kula lan penjenengan, estu ganjaran ugi tansah kula lan penjenengan tampi. Rasulullah ﷺ sampun ngendika:

مَنْ دَلَّ عَلَى خَيْرٍ فَلَهُ مِثْلُ أَجْرِ فَاعِلِهِ

"sak sapa kang menehi weruh tumuju marang dalan kebecikan, mula deweke bakal melu oleh ganjaran kaya dene ganjarane kang nglakoni." (HR. Muslim).

Jamaah Jumat ingkang dipun rahmati Allah,

Kosok-wangsulipun, menawi mboten ngatos atos media sosial saged dados undering perkawis tuwuhipun **dosa ingkang nggegirisi** saged dados pabrik *dosa berantai,* ingkang gembrojog mili kepara ngantos piyambake

sampun seda. **Kasus viral** asring mratelak-aken bilih saweneh unggahan utawi komentar, saged damel risak gesang saha panggesangan saweneh tiyang, kanthi wekdal sekedhap kemawon. Kadosta:

Sepisan, Fenomena *dooxing* saha *cancel culture*: nun inggih kathahipun netizen ingkang ela elu kroyokan damel wradenipun kabar awon utawi aib saweneh tiyang, ngina saha ngrisak reputasi saweneh tiyang ing kolom komentar, kamangka sejatosipun mboten mangertosi perkawis kasebat ingkang sakleresipun.

Kaping kalih, Hujatan massal (*Cyberbullying*): Kasus-kasus viral ingkang nemahi publik figur menapa dene masyarakat, ingkang nandang depresi awrat, kepara ngantos wonten ingkang nekat ngayut tuwuh (bunuh diri), amargi mboten kiyat nampi mayuta yuta komentar awon, saha ancaman saking akun-akun anonim.

***Kaping tiga, Nyebaraken deepfake* saha fitnah keji:** inggih menika migunakaken teknologi kecerdasan buatan, kangge

merekayasa wajah utawi suwanten tiyang sanes, lajeng dipun sebaraken kanthi masif ing media sosial, kanthi tujuan damel kucem saha asoripun tiyang sanes, saha damel raos memengsahan ing madyaning masyarakat.

Allah ﷻ sampun paring pangemut, kados ingkang kaserat ing Pustaka suci Al-Qur'an Surah Al-Hujurat ayat 11, mekaten,

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا يَسۡخَرۡ قَوۡمٞ مِّن قَوۡمٍ عَسَىٰٓ أَن يَكُونُواْ خَيۡرٗا مِّنۡهُمۡ وَلَا نِسَآءٞ مِّن نِّسَآءٍ عَسَىٰٓ أَن يَكُنَّ خَيۡرٗا مِّنۡهُنَّۖ وَلَا تَلۡمِزُوٓاْ أَنفُسَكُمۡ وَلَا تَنَابَزُواْ بِٱلۡأَلۡقَٰبِۖ بِئۡسَ ٱلِٱسۡمُ ٱلۡفُسُوقُ بَعۡدَ ٱلۡإِيمَٰنِۚ وَمَن لَّمۡ يَتُبۡ فَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ

"Wahai wong wong kang padha iman! Aja pisan pisan ana sewiji kang moyoki sewiji kaum liyane, bisa uga deweke sewiji kaum (kang dipoyoki) iku luwih becik tinimbang deweke (kaum kang moyoki). Lan aja pisan-pisan golongan wong wadon moyoki golongan wong wadon liyane, bisa uga kang dipoyoki iku luwih becik tinimbang kang moyoki. lan aja pisan pisan sira padha ngece sewiji marang liyane, lan aja

pisan pisan sira padha ngundang sewiji marang sewiji liyane kanthi pengundang kang ala. Saala-alane pengundang yaiku pengundang kang fasik (ala) sakwuse sira padha iman. Lan sing sapa wonge ora gelem mratobat, mangka wong-wong iku kalebu golongan wong kang zalim." (QS Al Hujurat: 11)

Kepara ing ayat sak lajengipun (ayat 12), langkung terwaca malih ngengingi awisanipun Allah,nun inggih awisan sampun ngantos nggunem saha nggadahi panyana awon,

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱجۡتَنِبُواْ كَثِيرٗا مِّنَ ٱلظَّنِّ إِنَّ بَعۡضَ ٱلظَّنِّ إِثۡمٞۖ وَلَا تَجَسَّسُواْ وَلَا يَغۡتَب بَّعۡضُكُم بَعۡضًاۚ

"Wahai wong wong kang padha iman! padha ngedoh seka sira kabeh seka panyana, sak temene panyana iku dosa. Lan aja pisan pisan sira nggoleki salahe wong liya lan aja pisan pisan sewiji seka sira padha nggunem marang sewiji wong liya." (QS Al Hujurat: 12)

Jamaah Jumat ingkang dipun rahmati Allah,

Nyerat komentar awon utawi mbiwara aib tiyang sanes ing media sosial, inggih kalebet

ghibah digital ingkang dosanipun bebasan kadosdene neda daging sederek piyambak ingkang sampun seda/dados bangke. Rasulullah ﷺ ugi estu sampun paring pengendikan wigatosipun njagi seratan saha lisan,

مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيَقُلْ خَيْرًا أَوْ لِيَصْمُتْ

"sak sapa kang iman marang Allah lan dina akhir, mula prayoga deweke ngomong kang becik utawa meneng." (HR. Bukhari & Muslim).

Kedah emut, bilih saben saben huruf ingkang dipun serat, sedaya video ingkang dipun pirsani, saha sedaya konten ingkang kula lan penjenengan unggah, badhe dipun suwuni tanggel jawabipun. Sampun ngantos driji/jari jemari menika namung miderek nafsu, nilar akal sehat saha iman kula lan penjenengan sedaya.

بَارَكَ اللهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللهَ الْعَظِيمَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ.

Khutbah Kaping Kalih

الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا كَمَا أَمَرَ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنْ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ سَيِّدُ الْبَشَرِ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا عِبَادَ اللَّهِ، اتَّقُوا اللَّهَ تَعَالَى وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ، حَيْثُ قَالَ: يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَقُولُواْ قَوْلًا سَدِيدًا. يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَٰلَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْۗ وَمَن يُطِعِ ٱللَّهَ وَرَسُولَهُۥ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا

Jamaah Jumat ingkang dipun rahmati Allah,

Minangka atur pungkasan ing khutbah wekdal sak menika, mangga kula lan penjenengan sedaya ndadosaken media sosial minangka dados cermin keimanan.. Sak derengipun nunul tombol *share*, *post*, utawi *comment*, tanglet rumiyin ing manah, “lelakon ngene iki apa oleh ridho apa bendune gusti Allah?” Pramila kedah ngginak-aken jari-jemari kagem zikir, nyebaraken kesaenan, saha damel remaketipun silaturahmi, sanes kagem ngrisak

kehormatan tiyang sanes saha damel tuwuhipun raos memengsahan.

Mangga kula lan penjenengan sedaya ngaturaken donga dhumateng Allah ﷻ, supados saged wilujeng saking fitnah akhir zaman, kalebet fitnah ingkang tuwuh ing madyaning media digital.

إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى الِ مُحَمَّدٍ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ. اللَّهُمَّ أَرِنَا الْحَقَّ حَقًّا وَارْقُنَا اتِّبَاعَهُ، وَأَرِنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَارْزُقْنَا اجْتِنَابَهُ. رَبَّنَا لَا تُزِغْ قُلُوبَنَا بَعْدَ إِذْ هَدَيْتَنَا وَهَبْ لَنَا مِن لَّدُنكَ رَحْمَةً ۚ إِنَّكَ أَنتَ ٱلْوَهَّابُ. اللَّهُمَّ اجْعَلْ جَوَارِحَنَا وَأَلْسِنَتَنَا وَأَقْلَامَنَا فِي طَاعَتِكَ، وَأَعِذْنَا مِنْ شَرِّ فِتْنَةِ الدُّنْيَا وَفِتْنَةِ الْمِيدِيَا الِاجْتِمَاعِيَّةِ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

Oleh : Ustadz Rahmat Budiyanto, S.Pd

Group WhatsApp : https://chat.whatsapp.com/If1JI8b1oB143NBmLhq9DI?mode=hq1tcla